Ассаламу гIалайкум!

ГЪУДУЛЛЪИ

№-28-30
(9773-9775)
2016 соналъул 13 май
РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ТIОЛГОХАЛКЪАЛЪУЛАБ ГЬУНАРАЛЪУЛ БАЙРАМАЛДА ГЪОРКЬ

Улкаялдаго 1945 соналъул 9 Маялдаса нахъе нилъер гIемермиллатазулаб халкъалъ батIаго КIудияб ВатIанияб рагъулгун тылалъул ветераназ ва чIахIиял гIелаз щибаб санайил 9 Маялда бадир рохалилгун пашманал магIил гаралгун ракIалде щвезарула фашистияб Германиялъул хъамалчагIаздасан гIагараб ВатIаналъул ракь эркен гьабулаго БагIараб Армиялъул щивав рагъухъанас фронталда бихьизабулеб букIараб бихьинчилъиги, бахIарчилъиги ва гIагараб ВатIаналдехун гьезул букIараб гIорхъи гьечIеб рокьиги. Гьединго ракIалде щвезабула СССРалъул батIи-батIиял миллатазул рагъухъабаздаги халкъалдаги гьоркьоб букIараб биххи гьечIеб гьудуллъиги ва къасиги-къадги тылалда хIалтIулаго фронт хIажатабщиналдалъун хьезабиялъулъ рихьизарулел рукIарал захIматалъулал гьунаралги.

Гьел киналго ракIалде щвеялги ва КIудияб Бергьенлъи кIодо гьабизе къватIибе бахъунеб халкъалъулги хIисаб гьабидал ракIчIун абизе кIолеб буго 1941-1945 соназул КIудияб ВатIанияб рагъда Советхалкъалъ босараб Бергьенлъи букIана унго-унгоги тIолгохалкъалъулаб гьунарлъун.

Гьеб Бергьенлъиялде унеб нух Советхалкъалъул ва гьелъул БагIараб Армиялъул букIана кутакалда захIматаб, хIинкъараб ва гIассияб ва 1418 сордо-къоялъул халалъи бугеб. Нилъер халкъалъе ва щивав рагъухъанасе гьезул щибаб къо букIана беркъачIеб рагъулгун багьадураб захIматалъул къолъун.

Щибаб санайил 9 Маялда гьединал ракIазде щвеязда ва Бергьенлъи кIодо гьабиялда цадахъго улкаялдагоги ва гьелъул щибаб бакIалдаги дандбала социалиялгун экономикиял ва политикиялгун общественниял рахъазда ругел бергьенлъаби, узухъда, гIоларел рахъалги. Рихьизарула гьел тIагIинариялъе ругел нухалги.

Гьеле, гьединан гIадатлъун лъугьараб ахIвал-хIалалда кIодо гьабуна нилъер чIухIилъунги ва нравственнияб борхалъилъунги кколеб КIудияб Бергьенлъи исана тIолабго Россиялда ва гьелдаго цадахъ нилъер районалдаги. БетIералда США гун гIемерал пачалихъаз нилъедехун экономикиябгун финансазулаб санкция ругIинабун бугониги нилъер пачалихъалъ киналго социалиял тIадеросиял тIуразарулел руго жиндир заманалда. Гьоркьоб къотIизе течIого ралел руго, яги реконструкция гьабулеб буго больницаби, культобъектал, букIине кколедухъ цIунун буго пачалихъалъулгун гражданазул хIинкъигьечIолъи, тIадегIанаб даражаялда гьабулеб буго жанибги къватIибги терроризмалде данде нахъе къачIеб къеркьей. Гьелъие нугIлъи гьабулеб буго исламияб пачалихъ игилалде гьабулеб бугеб рагъ. Дагьаб цебе улкаялъул гражданалгун РФялъул Президент В. Путинил букIараб дандчIваялдасан чиновниказда бичIчIана коррупциялдаги, пачалихъияб цIогьалдаги жидеда тIадкъараб ишалъулъ тIаса-масалъиялдаги ругел жакъа хутIанани метер тамихIалде цIачIого хутIунгутIи ва гьеб тIалаб гьабулеб букIин халкъалъги.

Районалдаги гьединабго хIалалда кIодо гьабуна КIудияб Бергьенлъиялъул Къо. ХIалтIи гьабулеб буго районалъул социалиябгун экономикияб хIал лъикIлъизабиялъе. ЦIикIкIунеб буго бекьулеб ракьалъул, гIи-боцIул ва ахазул къадар….

Районалъул бюджеталъулал хIалтIухъабазе жиндир заманалда щолел руго саламатал харжал, пенсионеразе-пенсиябигун пособияби, чIара-хьараб буго жамгIиябгун политикияб ахIвал-хIал. Пачалихъалдехун, хасго гьелъул БетIер В. Путинидехун цIикIкIунеб буго божилъи ва гIумру жеги лъикIаб ва бацIцIадаб букIиналде бугеб хьулги.

Гьеб кинабгоялдасан, хасго КIудияб Бергьенлъиялдасан ва фашистияб Германиялдасан гьеб бахъулаго бахIарчилъиги, къохIехьейги, тIадегIанаб патриотизмги бихьизабураб халкъалъул ирсилал рукIиналда разилъиялъулгун чIухIиялъулаб гIаламат букIанин кколаан КIудияб Бергьенлъиялъ 71 сон тIубаялъул хIурматалда райцентралда тIобитIизе бугеб рохалилаб митингалде росабалъанги райцентралдасанги къокъа-къокъаби ккун рачIунелго рачIунел рукIарал чIахIиязулги гIиссиназулги гьурмазда….

Байбихьуда гьел ракIарулел ругоан райадминистрациялъул хьолбохъ бугеб цIар лъаларев солдатасе лъураб памятникалдехун ва ВатIаналъе гIоло рагъда шагьидлъарал районалъул бахIарзазул мемориалияб комплексалдехун. ГIедегIун унел ругониги гьез цоцаде баркулеб букIана гитлерилаб Германиялда тIад Советхалкъалъ босараб Бергьенлъиялъ 71 сон тIубай.

Араб соналдаго гIадин демонстрациялда ругезул кодор ругоан доб рагъда шагьидлъарал умумузул ва гIагарал чагIазул чIахIа рахъарал суратал. Гьел берцин гьарун ругоан фронталда бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло рухI кьурал ВатIаналъул рагъулал орденазгун медалаз. Гьединан сураталгун рачIун ругоан районалъул гIемерисел росабазул фронтовиказул ирсилал. Гьелдасан бихьулеб букIана «Хвел гьечIеб полк» абураб акциялъ улкаялда щулаго гIумру гьабулеб букIин ва гьелъ гьанжесел гIелазулъ цIилъизабулеб букIин Бергьенлъи босараздехун бугеб рокьиги, адаб-хIурматги ва бищунго аслияб гIагараб ВатIаналдехун бугеб рокьигун божилъи…

Ахир 2 гьум.

ДАГЪИСТАН РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛ БЕТIЕР Р. ГIАБДУЛАТIИПОВАСУЛ

БАРКИ

ХIурматияв, МухIамад Малачиевич, Дуда ва мун гьоркьов ккун районалъул киналго гражданазда баркула тIолго россияназе хIурматияб КIудияб Бергьенлъиялъул Къо.

КIудияб ВатIанияб рагъда нилъее Бергьенлъи щвеялъе иццлъун лъугьана нилъер улкаялъул халкъазул тIадегIанаб патриотизм, къуркьизабизе кIолареб нилъер рагъухъабазулгун тылалъул хIалтIухъабазул рухIияб таваккал. Гьеб киналъго рес кьуна цохIо эркенлъиялъе гуребги, хадубккун ВатIан тIегьазабиялъеги.

Ва жакъаги, нилъер рагъухъаби жидерго гIумруялда барахцичIого рахъун чIезе кколел руго ВатIан цIуниялдаги ва XXI гIасруялъул террористал-фашистазде дандеги.

Терроризмалъул хIакъикъияб хIинкъи бугеб гьаб заманалда нилъ хутIизе ккола умумузул бахIарчилъиялъе мустахIикъаллъунги, хIинкъигьечIолъиялъулги ритIухълъиялъулги принципалда рекъел цIунулеллъунги.

Нилъ ккола КIудияб Бергьенлъиялъул ирсилаллъун. Гьединлъидал абила-Бергьенлъи, нилъехъ букIине буго.

Гьарула Дуе ва районалъул тIолалго гIадамазе сахлъи, рекъел ва битIккей.

ТIОЛГОХАЛКЪАЛЪУЛАБ ГЪУНАРАЛЪУЛ БАЙРАМАЛДА ГЪОРКЬ

Авал - 1 гьум.

Хеккого районалъул рагъулав комиссар Ш. ГIумайхIажиевас къокъабго баркиялъулаб кIалъаялдаса хадуб буюрухъ кьола цIар лъаларев солдатасул памятникалда цере ракIаразе щу-щу ккун низамалда чIезе. БетIералда районалъул ва рагъулаб часталъул нухмалъулелгун уна памятникалдехун ва гьелда цере лъола чIагоял тIугьдузул горал. КIудияб Бергьенлъиялъул ва гьелъие гIоло рухI кьуразул хIурматалда аскариязул отделениялъ кьола автоматазулаб 3 залп. Хадуб-минуталъулаб сихIкъотIи.

Гьелдаса хадуб довго комиссарас демонстрациялъулаб колоннаялъе буюрухъ кьола районалъул централияб майданалдехун ине. **«Хвел гьечIеб полкалъулазул»** портретал, лозунгал ва гIемерал кьер-кьерал шарал кодор ругел гIадамазул колоннаялъ берцин гьабун букIана районалъул бетIераб къватIги ва майданги.

Районалъул бетIер М. ПатхIулаевас ва цогидал официалиял чагIаз лъалхъи гьабуна 1999 соналъул августалъулаб лъугьа-бахъиналъул къоязда хъачагъаздасан районалъул ракь эркен гьабулаго бахIарчияб шагьидлъи щваразул хIурматалъе бараб обелискалда цебе. Гьенирги лъуна долго чIагоял тIугьдузул горал ва такрар гьабуна долго автоматазулал залпалги ва минуталъулаб сихIкъотIи.

Гьенисан районалъул нухмалъулелги цо-цо официалиял вакилзабиги рахуна рохалилаб байрамалъулаб трибуналде.

КIудияб ВатIанияб рагъда Советхалкъалъ ва гьелъул бахIарчияб БагIараб Армиялъ гитлерилаб фашизмалда тIад КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 71 сон тIубаялъул байрам киназдаго баркулаго районалъул рохалилаб митинг рагьула Болъихъ росдал администрациялъул бетIер **Камалудин МухIамаевас.**

Баркиялъулаб доклад гьабизе гьес рагIи кьола районалъул бетIер **М. ПатхIулаевасе.**

Гьебги байрам баркун кIалъазе рахъаразул цIаралги кIалъаялги гьаб номералда руго.

Гьениб рехсечIого гIоляреблъун ккола районалда Бергьенлъиялъул Къо кIодо гьаби кидагоялдасанги лъикI ва массовияб къагIидаялда иналъул хIужа. БатIаго гьелъие берцинлъиги магIнаги кьолеб букIана «Хвел гьечIеб полк» абураб акциялъулъ гIахьаллъи гьабулел цIикIкIун рукIиналъги ва гьезда кодор, каранда орденал-медалалгун рукIарал фронтовиказул портретазги. РекIелъ пикру бижунеб букIана, гьел фронтовикалги гьел кодор раччун ругелги доб «Хвел гьечIеб полкалъул» ва гьелъул гIелазул гIахьалчагIи ратилин. Демонстрациялъулъ гьезул къадар бахун букIанин ккола 60-65 проценталде.

Гьеб киналъго цойги нухалъ нугIлъи гьабулеб буго тIолгоулкаялъулго халкъалъего гIадин районалъул гIадамазеги соналдаса-соналде цIикIкIун хиралъулеб ва кIодолъулеб букIин КIудияб Бергьенлъиги ва гьелъие гIоло Советхалкъалъ бихьизабураб бахIарчилъиги, къохIехьейги ва патриотизмги.

Гьединаб халкъалъ ва гьелъул гIелаз гьеб Бергьенлъи гIасрабаз ясбер гIадин цIунила ва нилъ-хIакъикъиял бетIергьабазухъан гьеб бикъизе бокьун ругезул къасдал абадиялъго хIорго хутIила…

Митинг лъугьун хадуб рукIана художественниял церерахъинал ва КIудияб ВатIанияб рагъулаб темаялдасан сценарияби ва кучIдул…

М. ИБРАГЬИМОВ

МУХIАМАД ПАТХIУЛАЕВ, районалъул бетIер.

ХIурматиял районцоял, жакъа тIолабго улкаялдаго гIадин,

нилъеца кIодо гьабулеб буго бищунго гвангъараб ва халкъияб байрам-КIудияб ВатIанияб рагъда Советхалкъалъ Бергьенлъи босараб Къо!

Фашистияб Германиялда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло бахIарчияб къагIидаялда рагъулаго нилъер халкъалъе ккана чIахIиял камиял,-ВатIаналъул эркенлъиялъе рагъул майданалда жидерго рухI кьуна 27 миллион чияс. Гьел хутIичIо Бергьенлъиялъул Къоялде щвезегIан.

Гьарула гьезул хIурматалда минуталъ сихIкъотIун чIаян.

Жакъаги кидагоги чIухIизе их-тияр буго нилъер районалъул, гьеб Бергьенлъиялъулъ мустахIикъаб бутIа нилъерги букIиналдасан. ВатIаналъул эркенлъиялъе гIоло фронталде арал 1800-ялдасанги цIикIкIун районалъул васал бахIарчияб къагIидаялда рагъана КIудияб ВатIанияб рагъул киналго фронтазда. Гьездасан 1072 чи хутIана кьалул майданалда.

Нилъер районалъул цониги хъизам гьечIо КIудияб ВатIанияб рагъул кьогIлъи хъинтIичIеб. Гьелъ рахъана лъималазул эбелэменал, руччабазул васал, вацал ва россаби.

Жакъа районалда хутIун вуго гьеб рагъул гIицIго 6 ветеран. Гьел ккола Сагитов ГIадилгерей (ГIалахъ росу), Сулейманов ГIалибег (Гъагъалъ росу), ГIусманов ГIизудин (Зибирхьали росу), Нуцалханов Батир (РикIвани росу), Жамалудинов ГьитIинмухIамад ва НурмухIамадов ПатахI (росу Кьохъ).

Сахлъи гьечIолъиялда бан гьезул гIемерисезда бажаричIо байрамалъулал тадбиразда гIахьаллъи гьабизе. КIудияб Бергьенлъиялда цересел къоязда, Дагъистаналъул БетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул цIаралдасанги ва районалъул нухмалъиялъги гьезда Бергьенлъиялъул Къо, гIарцулал сайгъаталгун цадахъ баркана рукъо-рукъоб.

СССР биххизабуралдаса хадуб улкаялда букIараб гIадлунизам гьечIолъиялдаса бихьулеб ва ракIалде кколеб букIана Россиялъул цIар рагIараб армиялъул къуват кидаголъиялъе тIагIанилан. Амма гьеб байбихьи чIезабизе кIвана.

Улкаялъул ва гьелъул гражданазул хIинкъигьечIолъи букIинаби лъугьана миллияв лидер ва Россиялъул Федерациялъул Рагъулал Къуватазул Верховныяв Главнокомандующий Владимир Путинил бетIераб масъалалъун.

Районалъул таварихалъулъе кидагоялъе лъугьана 1999 соналъул лъугьа-бахъин. Гьединго гьеб лъугьана, гIицIго нилъер гуребги, тIолабго Дагъистаналъул халкъалъулго бихьинчилъиялъулги гьунаралъулги хIалбихьилъун. Хъачагълъиялъулги инсан вокьунгутIиялъулги кьучI къабул гьабичIого Россиялъул цолъи ва цоголъи тIаса бищана нилъер гIолилазул гьунаралъги бахIарчилъиялъги.

Ахирал соназда БакътIерхьулал улкабаз, хасго бетIералда США гун Польшаялъ, Украиналъ ва Прибалтикаялъул республикабазги хIаракат бахъулеб буго КIудияб ВатIанияб рагъул историялъулъ хиси ккезабиялъеги, нацистиял такъсирчагIи ва гьезие квербакъаралги ритIухъ гьариялъеги ва гьелдаго цадахъ фашизмалдасан эркен гьаруразе памятникал риххизариялъеги.

Жакъа фашистияб чумаялъул, миллиялгун экстремистазулал идеябигун ва терроризмалъул идеологиягун дандчIвалеб заманалда батIаго кIвар бугеблъун ккола КIудияб ВатIанияб рагъда нилъерго чIахIияб гIелалъ-умумуз бихьизабураб гьунар, бахIарчилъи ва кIудияб патриотизм ракIалде щвезаби гуребги, рагъул история ва дарсал хадусел гIелазухъе кьейги. Гьез цебехун бачине ккола нилъер кIудияб улкаялъул ва гьелъул кIудияб халкъалъул патриотикияб гIадат.

Жакъа Россиялъул армиялъ щибаб къоялъ бихьизабулеб буго умумузул бахIарчиял ишазе мустахIикъал рукIин. Гьелъие нугIлъи гьабулеблъун ккола Россиялъул Воздушно-космическиял къуватаз Сириялда гьабураб операция. Бихьизабуна терроризмалде данде къеркьезе дунялалъул бокьараб пачалихъалдасанги лъикI нилъеда бажарулеблъи. Сириялъул нус-нус росабалъ ракълилаб гIумру байбихьулеб буго. Гьелъие мукIурлъизе ккана Халкъазда гьоркьосел рагъулал эксперталги.

-ХIурматиял гьудулзаби, КIудияб ВатIанияб рагъда КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 71 сон тIубай кIодо гьабулаго, нилъеца гIодоре щвезегIан бутIрул къулулел руго нилъер ВатIаналъул эркенлъиялъе гIоло кьалул майданалда шагьидлъаразда цере, кIудияб хIурмат загьир гьабулеб буго рагъул ветераназе ва тылалъул захIматалъулал бахIарзазе.

Нилъ киназего хIурматияблъун кколеб байрамалда бан къабул гьабе дир баркиял. Гьарула нужее сахлъи, рекъел ва сундулъго битIккей!

К. ШАГIБАНОВ, районалъул рагъул ва захIматалъул ветераназул Советалъул председатель

-Хириял гьалмагъзаби, жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго КIудияб ВатIанияб рагъда Советхалкъалъ босараб КIудияб Бергьенлъиялъ 71 сон тIубай.

СССРалде, божуда рекIкIги гьабун, тIаде кIанцIулаго, божараб букIана нилъер гIемермиллатазулаб улкаялъул Союз биххизабизе кIвезе букIиналда. Амма, гьелде дандчIвана нилъер халкъалъул бихи гьечIеб гьудуллъиги, вацлъиги ва цоцадехун бугеб рокьиги ва бищунго бетIераб-тIадегIанаб патриотизмги. Гьелдалъун хIорго хутIана гьезул хьулал.

Советхалкъалъул бахIарчияб къеркьеялдалъун фашизмалъул лагьлъиялдасан эркен гьабуна нилъерго ВатIан гуребги Европаялъулги халкъалги. Азиялъул халкъазе кумек гьабуна Япониялъул империализмаялдасан, дунялалъулго халкъазе-фашизмалъул хIинкъиялдасан рорчIиялъе.

КIудияб ВатIанияб рагъул дарсал лъугьун руго рагъулал хIинкъаби кьезе лъугьунел гIодоре руссинарилъе квербакъулеб къуватлъун. Гьел дарсаз бихьизабулеб буго нилъер улкаялдехун рагъулаб квер бегьарав бергьунгутIи.

Рагъул гIахьалчагIилъун кколел гьечIониги нилъ чIахIияб гIелалда лъала кинал рукIарал доб рагъул сонал ва гIун бачIунеб гIелалдаги лъазе ккола КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъикъияб история.

КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIаздехун хIурматияб балагьиги, гьезул тIалаб-агъаз гьабиги нилъер щивасул, хасго гIагарлъиялъул, тIадаб ишлъун ккола.

ЧIахIияб гIелалъ, школалъ ва эбелинсуца гIун бачIунеб гIелалъулъ куцазе ккола жиде-жидер росдадехун, районалдехун, республикаялдехун ва ВатIаналдехун рокьигун жавабчилъи.

Жакъасеб байрам кIодо гьабулаго нилъ ракIалде щола киналго халкъазул кIудияб гьунаралъул хIакъалъулъ. Гьебги ва КIудияб Бергьенлъиялъул Къо бахIарчияб Советхалкъалъул гьунаралъул кIодолъиялъул ва бихьинчилъиялъул ва бахIарчилъиялъул гIаламат хIисабалда гIасрабаз цIунила гIелазул ракIазулъ.

Россиялъул державнияб цIар цIи гьабиялъулъ байбихьи лъуна 1999 соналъул августалъулаб лъугьабахъиналъ. СССР биххизабуралдаса нахъе тIоцебе Болъихъ бихьизабуна халкъалъулги армиялъулги цолъи.

Районалъул рагъулгун захIматалъул ветераназул ва районалъул мех арал гIадамазул советазул рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазда, тылалъул бахIарзазда, армиялда ва тIад руссун хадур рагъул ветеранал- россаби хун хутIарал руччабазда ва районалъул тIолалго гIадамазда КIудияб Бергьенлъиялъ 71 сон тIубаялъул рохалилаб байрам! Киназего гьарула талихI ва киналго лъикIал ишазулъ бергьенлъаби ва гIумруялъулъ битIккей.

АНТИ ТЕРРОР

Цебеккунго лъазабухъе, ГIанди росулъ тIобитIана районалъул антитеррористияб комиссиялъул заседание. Гьебги рагьун, ГIанди росдал бегавул ХIажи ГIабдулхIамидовас кIалъазе рагIи кьуна антитеррористияб комиссиялъул председатель районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасе.

Ассаламу гIалайкум , гIандадерил жамагIат, гIолилал, тIолалго гIахьалчагIи!

Нижеца жакъасеб данделъи бачине буго гIурус мацIалда.

Цо бугони, гIандадерил г1олилазда маг1арул мацI квешго лъала гIурус мацIалдаса.

КIиабизеги, заседаниялъул материал битIизе ккола г1адамазул ихтиярал цIунулел идарабазда бихьизе, лъазе, анализ гьабизе- щиб нилъеца жакъа гьаниб бицараб, сунде кIвар кьураб, кинал масъалаби цере лъурал.

БакътIерхьул улкабазги тIоцебесеб иргаялда США ялъги жидедаго барабщинаб гьабулеб буго бусурбаби цоцалъ тIамизе, жидеего бокьулареб режим бугеб бусурбанаб улкаялда гьеб т1аса рехизе, Россия загIип гьабизе, гьанибги власть ва Конституционнияб гIуцIи хисизе. Гьеб мурадалда харж гьарулел руго гIемерал гIарцулал сурсатал.

ГIандал руго кутакалда бахIарчияб ва бечедаб тарих бугел чагIи.

ГIандиса рахъана цохIо ГIанди росулъ, Болъихъ районалда, Дагъистаналда гурелги, тIолабго Россиялдаго цIар рагIарал гIалимзаби, политикиял ва общественниял хIаракатчагIи.

ГIандадерида кIвана, сундухъго балагьичIого, умумузул гIадатал цIунизе. Гьеб жакъаги бихьулеб буго нилъеда.

Амма гьеб буго медалалъул цояб рахъ. Буго цогидаб рахъги.

ГIандадерил гIемерал гIолохъабаз росулъ, районалда, республикаялда ахIвал-хIал хIалуцинабиялде ишан босун буго.

Мисалалъе, цо-цо гIолилал гьабсагIаталда руго Сириялда гьеб хIукуматалъул аскаразде данде рагъулел, ай жал жигьадалда ругиланги абун.

Умумузда,гIандадерил гIалимзабазда, цIаларал чагIазда заг1ипгойищха лъалеб букIараб исламияб дин, жакъасел 20-25 сон барал гIолилаздаса?

1999 соналъ дун ГIандиве зигараялъ щведал, рещтIана умумузул гьобол, гъваридав динияв гIалим жиндир мунагьал чураяв Булачев МухIамадихъ.

Гьениб сордоги бан, хабар-кIалалда рукIадго, гьес абуна жив цIакъ къанагIат гурони рокьоса къватIиве вахъунарила, хIатта мажгиталдегицин.

Дир гьурмада гIажаиблъи бихьарав МухIамадица дие баян гьабуна щай гьедин бугебали.

КъотIноса унаго, хIетIе тIадчIун, гIисинаб рухIчIаголъи, х1ут1-хъумур жиндихъаго хвезе ч1инт1изе гурилан хIинкъун вахъунев вукIун гьечIо гьев къватIиве.

Гьединал иман щулиял гIадамал, цIаларал чагIи рукIана ГIандир.

Жакъасел гIолилаз, исламалъул цIаралда гьоркь, жигьадилан маргьабиги цIалкIун, чIвалел, хъолел руго руччаби, лъимал, херал чагIи. Ва абулеб буго гьеб битIараб бугилан. Нилъеда киназдаго лъала, ГIанди росулъ моцIида жаниб кIиго контртеррористияб операция тIобитIана.

Республикаялда кIиго лъагIелги бащадалъги букIинчIо цониги террористияб акт, дагьаб цебегIан Дербенталде жанире лъугьунаго бугеб пост кьвагьизаби гурони.

Аллагьас кьола чиясе гIумру ва гIицго Аллагьасул гурони лъилниги ихтияр гьечIо гьеб бахъизе.

Болъихъ районалда чIвана гIадамазул ихтиярал цIунулел органазул 21 чи, гьезда гьоркьор руго ГIанди росулъелги.

Дагьав цевегIан нилъер республикаялде вачIун вукIана РФялъул миллиял суалазул рахъалъ министр Баринов.

Гьес лъазабуна ахираб заманалда кутакалда кьварун бугила улкаялда экстремистазде террористазде ва гьезул рахъ кколел яги кквезе бокьарал чагIазде данде гьабулеб къеркьей, жакъа Сириялда бугеб ахIвал-хIал метерго Россиялда ва Кавказалдаги букIине рес бугила. Гьединлъидал гьес нижеда- антитеррористияб комиссиялъул нухмалъулезда гьарана тIоцебесеб иргаялда боевиказул кьеразулъ ругел яги органаз цIехолел ругел гIадамазул гIагарлъигун к1алъайилан ва гьезда бичIчIинабейила улкаялъул хIинкъигьечIолъи хвезабулеб хIаракатчилъи гьоркьоб къотIизабизе ккелилан.

Цо мисалги рехсела гьаниб.

Дихъе рачIун рукIана цо пуланав гIолиласул эменги гIагарлъиги жал гIухьби ругила, жидер вас щайила цIех-рехалда вукIине кколевин. КIалъалелги рукIана гьаваялдасан.

Щибха ккараб?

МоцIидаса кьучIаб баян щвана рехсарав лъикIав вас, щибго мунагь гьечIев гьезул «малаик» Сириялда вагъулев вугилан, лъабго моцIидаса абуни, бачIана официалияб баян гьев чIванилан.

Дица хитIаб гьабулеб буго жакъа гIолилазде. Унге мекъаб нухдасан, тIамуге ургъичIого гали, хвезабуге нужерго гIумру!

Нуж руго улкаялъул букIинесеб. Улкаялда кIудияб кIвар кьолеб буго гIун бачIунеб гIел гъуриялде гуреб, гIезабиялде, гьезие хIалтIуегун рукIа-рахъиналъе, цIалуе тIолалго шартIал гIуцIиялде. Жакъа, советияб заманалда гIадин, гьукъун гьечIо дин гьабизе, мажгитазде хьвадизе, гIелмуялда тIадчIезе. Лъие лъица гьукъун бугеб как базе, мавлидазда, диниял мажлисазда гIахьаллъизе, хириял бакIазде зияратазде хьвадизе? Щибаб росулъ буго чанго мажгит, мадраса, рес буго динияб лъай босизе, гIалимзаби рахъине.

ХIукуматалъ абулеб буго нужеего бокьухъе какалги райин, динги гьабейин, мугжул тезе бокьараз гьелги тейин, бокьараб ретIелги ретIейин, амма нужерго пикраби, кодоб ярагъун, халкъалда гьоркьор тIиритIизаругейин, гIадамазул, хасго пикру щулалъичIел, гIакълу цIубачIел, гIисинал гIолохъабазул бутIрул сверизаругейин.

Законалъ абулеб буго росдае, районалъе, республикаялъе, улкаялъе зарар гьабизеги, щибго гIайиб гьечIел цогидал чагIазе гIакъуба- къварилъи кьезеги, гьезде балагь бачинеги лъилниги ихтиярги гьечIин, гьеб биччазеги биччаларин. БитIарабги буго гьеб.

Росдал гIадлу-низамги, гIадаталги, хьвада-чIвадиги данде кколарев чи, лъиего квал-квал гьабичIого, цоги бакIалде ине ккелаха.

Т1адежоялъе нужер гьанив вуго г1акълуги, бажариги, г1аданлъиги бугев, т1олабго жамаг1аталъ гьарун, рехсараб иш кодобе босарав росдал администрациялъул бет1ер Х1ажи Г1абдулх1амидов.

Г1емерал бегавулзаби рук1ана Г1андир. Лъик1алги рук1ун ратила, лъик1ал гурелги рук1ун ратила гьезда гьоркьор. Амма рак1ч1ун абизе к1ола ахирал соназда рук1арал росдал бут1рузда гьоркьов бищунго мустах1икъавги ц1одоравги вугин Х1ажи Х1ажиевич.

Жакъа нилъер гьаниб букIине ккола ракIбацIцIадаб, ритIухъаб, ищалъе пайдаяб хабар.

ИНФОРМАЦИЯ

Заместителя главы администрации МР «Ботлихский район» по общественной безопасности А.Абдулдибирова на выездном заседании антитеррористической комиссии в с.Анди.26 апреля 2016 года, по вопросу «О работе администрации Сельского Поселения «сельсовет Андийский», дирекций общеобразовательных школ, учреждений культуры по противодействию идеологии терроризма»

Уважаемый Магомед Малачевич!

Уважаемые участники антитеррористической комиссии!

На протяжении ряда лет криминогенная обстановка на территории СП «сельсовет Андийский» в области противодействия экстремистической деятельности обусловлена, прежде всего, активностью экстремистских настроений отдельной части населения. Но абсолютное большинство жителей села негативно настроено против идеологии терроризма.

Оперативная обстановка характеризуется следующим образом, за 1 квартал 2016 года зарегистрировано 11 преступлений из них тяжких и особотяжких -, по статье 208 ч.2 УК РФ -, посягательство на жизнь сотрудников правоохранительных органов 1, статья 222 ч.1 – 4 преступления.

В последние годы в ряды приверженцев все активнее вовлекались жители села. Должен отметить что до последнего времени работники администрации села, депутаты сельского поселения, интеллигенция, общественные организации да и сотрудники поселкового отдела полиции не проводили должную работу по противодействию экстремизму и терроризму,за 2013-2015 годы в Сирию и другие иностранные государства для участия в боевых действиях в составе незаконных вооруженных формирований из села Анди выехало 9 жителей.

По всем этим фактам возбуждены уголовные дела по ст 208 ч 2 УК РФ и все они объявлены в розыск. Всего по линии НВФ в розыске находится 10 уроженцев села.

В сфере противодействия идеологии терроризма в борьбе с его проявлениями не мало сделано и делается правоохранительными органами нашего района а также силовыми структурами . В целом благодаря принятым мерам удалось снизить количество экстремистских проявлений. В январе – марте 2016 года в районе были проведены 3 контртеррористической операции из них на территории сельского поселения Андийский 2, в результате которых при оказании вооруженного сопротивления ликвидирован участник НВФ, уроженец Чеченской республики Касумов Вахасолта Лемиевич 1978 г.р.

В ходе проведенных КТО из незаконного оборота изъято –1автомат, 1 пистолет - , гранаты,боеприпасы различного калибра.

Вопросы недопущения вовлечения жителей села в ряды бандподполья для участия в боевых действиях на территории Сирии, Ирака обсуждены на собрании граждан 13 ноября 2015 года, где были отмечены случаи отъезда отдельных лиц молодежи за пределы страны под исламскими лозунгами.

Несмотря на проводимую работу с вовлечением известных алимов и других авторитетных людей по прекращению противоправной деятельности, обращений в комиссию по адаптации и правоохранительным органам за помощью для оказания содействия к возвращению их к мирной жизни не поступило.

Всего на учете ОМВД РФ по Ботлихскому району состоят 102 человека, из них по селу Анди 46 , Гунха 7 из которых на территории села проживают - человек, за ее пределами находятся - , в местах лишения свободы1чел, СИЗО -5, розыске - 9.Только за этот год поставлено на учет 7 жителей.

Списки постоянно уточняются, и с этой категорией проводится разъяснительная и профилактическая работа.

Религиозная ситуация:

Всего мечетей в селении Анди – 10.

Джума мечеть -1, квартальных – 9.

Гунха – 1 мечеть.

В религиозных учебных заведениях обучаются 15 человек, из них в институте «Ашари» г.Хасавюрт - 11 человек, в Чеченской республике -2 человека, Махачкале - 2 человека.

В примечетских школах селения Анди обучаются - 140 чел из них 80 мальчиков и 60 девочек.

Всего преподавателей 6 из них женщин 2. Фактов отрыва обучающихся от общеобразовательного процесса по данным

инспекции по делам несовершеннолетних и управления образования не выявлено.

Для проведения регулярных информационно – пропагандистских и просветительских мероприятий антитеррористической направленности с различными категориями населения, прежде всего с молодежью, распоряжением главы администрации СП «сельсовет Андийский» от 16 января 2016 года, создана постоянно действующая группа по противодействию идеологии терроризма, состоящая из представителей администрации села, ОМВД РФ по Ботлихскому району, общеобразовательной школы, общественных и религиозных организаций.

Вопросы организации противодействия идеологии терроризма и общественного воздействия в отношении подучетных рассмотрены с приглашением имамов мечети, активно проведены сходы во всех сельских авалах.

Эта работа активизировалась после прихода нового руководства администрации села.

Проведена значительная работа по оказанию адресного профилактического воздействия на категорию лиц, наиболее подверженных воздействию идеологии терроризма.

30 декабря 2015 года разработан план мероприятий по реализации комплексной программы противодействия экстремизму и терроризму на 2016 – 2018 годы.

Особое внимание необходимо обратить на проблемы социальной реабилитации и недопущения повторного вовлечения в преступную среду лиц, осужденных за преступления террористической и экстремистской направленности. (Хайрулаев Хасулбег Исмаилович, Ибрагимов Мирза Мухидинович)

Об имеющихся недостатках в работе прежнего руководства администрации СП «сельсовет Андийский» по противодействию экстремизму и терроризму указано и в представлении прокуратуры Ботлихского района от 4 апреля 2014 года «Об устранении нарушений законодательства о противодействии экстремизму и терроризму, однако администрацией должных выводов из этого сделано не было вплоть до ноября 2015 года.

Определенную работу по противодействию идеологии терроризма проведены в общеобразовательных школах №1, №2 и ДЮСШ, руководители Баязов И, Албекгаджиев А.Д .

Имеются стенды по вопросам предупреждения террористических актов и правилам поведения при возникновении экстремальных ситуаций.

С 1 по 10 сентября в школах состоялись акции посвященные Дню солидарности в борьбе с терроризмом, в рамках которой в знак памяти о погибших от рук террористов прозвенели звонки и прошла минута молчания.

28 января 2016 года в СОШ №2 был проведен круглый стол с участием сотрудников полиции и имама мечети.

На классных часах с учащимися обеих школ прорабатываются и обсуждаются темы: «Ваши действия при обнаружении подозрительного предмета» , «Терроризм – угроза обществу»,«Мы разные, и в этом наша сила».

В школах были проведены классные часы с просмотром документального фильма о деятельности террористических групп и организаций, видеоролики: «Молодежь и антитеррор», «Остановим терроризм», «Что такое терроризм», и последующем его обсуждением.

Проводимые мероприятия по данному направлению деятельности освещаются на сайте школы.

В работу по неприятию и противодействию идеологии терроризма вовлечены учреждения культуры.

В сельской библиотеке (заведующая Гамзатова Г.А) проведены книжно – иллюстрированная выставка «Ислам и террор несовместимы», «Дагестан против террора»

Совместно с центральной районной библиотекой проведено мероприятие «Мир без террора», где были представлены адаты, законы куначества, почитание и уважение к людям других национальностей и вероисповедания.

Вместе с тем, проводимая работа в данном направлении центром культуры и досуга не отвечает предъявляемым требованиям.

Планируемые мероприятия носят непоследовательный и поверхностный характер.

Уровень профессиональной подготовки работников остается низким.

В вопросах воспитания, досуга и отдыха молодежи дирекция сельского центра культуры и досуга (Гамзуев Г.А) практически бездействовал, а прежнее руководство администрации пустило эту работу на самотек.

Работа должна быть поставлена на качественно новый уровень. Как подчеркнул Глава нашей республики Рамазан Гаджимурадович Абдулатипов: культура и образование это то что, может противостоять терроризму и экстремизму.

Есть надежда, что к этой работе активно подключатся общественность села, поскольку сегодня как никогда нам необходимо общественное обсуждение терроризма и неприятие идеологии насилия и жестокости, враждебных для нас и не имеющих абсолютно ничего общего с нашей религией.

Эта проблема касается всех нас, и нам нужно сообща бороться с этим злом и заразой.

ЖАМАЛ ЖАБРАГIИЛОВ, районалъул прокурор

Гьанир кIалъазе рахъарал районалъул бетIерасги, жанисел ишазул отделалъул начальникасги, бергьарал гIалимзаби Бадрудин-хIажицаги, АхIмадудинхIажицаги росдал бегавуласги бицана жакъа бугеб ахIвал-хIалалъулги, гьеб хисизабизе, лъикIлъизабизе ккананги, щиб нилъеца киназго гьабизе кколебали.

Дида лъикI лъала жакъа гIагараб росулъ бугеб лъикIаб гуреб ахIвал- хIал.

Гьеб хисизабиялда, лъикIлъизабиялда сверухъ цо къадаралъулаб хIалтIи школазги гьабулеб буго, росдал жамагIаталъгун имамасги гьабулеб буго.

Росдал бетIерлъун ХIажи ХIажиевич ккаралдаса лъалеб куцалда чIаголъана рехсараб кIвар бугеб суалалда сверухъ гьабулеб хIалтIи, кколеб буго лъикIаб рахъалдехун хиса-басиги.

Амма ракIчIун абизе кIола цохIо росдал бетIерасдаги, имамасдаги, школалъул директорасдаги тIубазабизе кIолеб масъала гьеб гурилан. Киназго цадахъ лъугьун, цокIалго хIалтIи гьабичIони, хIасил кьезе

гьечIо, гьелда лъилниги щаклъиго ккоге.

ГIаммал рагIабазги ххвалиего тIоритIулел данделъабазги щибниги кьоларо, хIажат буго учеталда ругел гIолилазул эбел-инсулгун чIагояб хIалтIи гьабизе. Дие, мисалалъе, бокьиларо цониги чи гьаб росулъа учеталда вукIине.

Масала, гьаб ахираб 2 лъагIалида жанив 20 гIанасев чи ун вуго нилъер районалдаса Сириялде, гьезда гьоркьоса анцIгояв ГIанди росулъаги.

Ва гьезул киналгоял чIван руго, нижехъе щварал баяназда рекъон.

АхIвал-хIал хисизабизелъун хIалтIи гьабулеб бугониги, гьеб жеги щвалде щвараб гьечIо жамагIаталъул рахъалдасаги органазул рахъалдасаги.

Нилъер киназулго буго цо гIаммаб мурад ва масъала-ГIанди росулъ жакъа къоялде бугеб ахIвал-хIал кьучIдасанго хисизаби.

Нагагь нижер рахъалдаса кумек, квербакъи къваригIани, ниж хIадурал руго гьелъие, районалъул бетIерасдаса байбихьун.

Щай нилъее къуваталъулал структураби росулъе рачIинги, гьез батIи-батIиял тадбирал тIоритIиги.

Власталдаса, росулъ бугеб низамалдаса рази гьечIев чиясул рес буго гури бокьараб бакIалде гочун ине. Жакъа эркенго гIорхъаби рагьун руго гьединаб пикруялъул чагIазе.

БАГЬАДУР МУХIАМАДРАСУЛОВ, МВДялъул Болъихъ бугеб отделалъул начальник

Болъихъ районалда бищунго ц1ик1к1ун экстремизмалде гьет1арал росабазул цояб ккола ГIанди. росу. Гьелъие

нугIлъи гьабула гьаниса 53 чи нижер хIисабалде восун вукIиналъги.

Гьездаса 10 чи вуго жал органаз цIехолезда гьоркьор ва 9 чи вуго Сириялда хIукуматалъулал аскаразде данде вагъулев.

Лъалеб букIахъего, исана гьаниб букIана конттеррористияб операция ва чIвана Чачан Республикаялдаса такъсирчи.

Кин гьев гьаниве ккарав абураб суал нужее кьезе ккела жакъа.

Росдал жамагIаталъгги, жамагIаталъ цIар чIварав бетIерасги, тIолабго общественносталъги цадахъ лъугьун хIалтIи гьабичIони, кутакалда захIмалъизе буго гьаб к1вар ц1ик1к1араб суал тIубазабизе.

Гьадав чIварав чачанав гIадал чагIи гьанир риччангутIизе, къабул гьарунгутIизе ккола росдал гIадамаз.

ТIолабго росдацаги школалъги цадахъ лъугьун къинабизе ккола гьаб квешлъи.

ХIАЖИ ГIАБДУЛХIАМИДОВ, ГIанди росдал администрациялъул бетIер

Нижер гIемераб хабар ккола рехсараб суалалда тIасан росулъбатIи-батIиял сходазда, дандчIваязда.

РачIун рукIана ракI унтарал гIадамал дихъе рокъоре, рачIун рукIана хIалтIуде. Цо-цоккунги рачIана, къукъабиги рачIана.

ПалхIасил, нижеда гьаб масъала лъала, лъала гьелъул бугеб кIварги.

Гьаб данделъи тIобитIилелде цевеккун дун кIалъана росдал къадру-къимат бугел харабигун, гIадамазул ихтиярал цIунулел органазул хIисабалда ругел киналго гIолилалгун.

Учеталда ругел гIолилаздехун букIана цо тIалаб-кIалъайкIалъангутIи нужер иш буго, амма данделъиялде рачIине ккола нуж, гьениб бицунебщинаб жо ргIизе ва бичIчIизе. Нуж яги жамагIаталда цадахъ рукIине ккола ялъуни, нижее гьаб жамагIатги данде кколарин, гьаб росуги бокьун гьечIин, нужеего гIумру гьабизе бакI цIехезе ккола.

Росдал бетIерас, харабаз яги гIадатияв чияс росдал хIинкъигьечIолъи букIинабиялъе, росдал жамагIаталъе гIоло хабар бицунеб бугони, гьеб киназго гIадахъги босизе, гьоркьобги лъезе ккола.

Нагагь лъица букIаниги росдае, мадугьаласе квал-квал гьабулеб бугони, гьев чиясда хIакъаб ргIиги абизе ккола, щай абуни гьес нохъода, кIкIалахъ, колода гIумру гьабулеб гьечIелъул, гьев вуго нилъ киналгогун росулъ.

Бащдаб сагIаталъ ток ссвани, ялъуни лъим рухIиял хазинаби щула гьаризе.

Амма общество унтун бугони, кинаб букIаниги унтуца, гьеб чара гьечIого лъималаздеги бахуна.

ГIадат хIисабалда, гIемерисез абула кинабго школалъ гьабизе кколин.

Амма дица абилан-нилъеца киназго цадахъ лъугьун, рекъа-решон, цо кIалдисан кIалъан куцазе ккола гIун бачIунеб гIел.

Нилъ- гьел ккола шкоа,лъималазул эбелэмен ва росдал тIолабго жамагIат.

Цоцаде тIадеги рехун, къунани, байбихьула гъира-шавкъалда хIукумат какизе.

Хадур, чед-хинкI кванан гIодоре риччайдал, байбихьула ургъизе биххизабунищ лъикI пачалихъ яги биххизабичIогойищ, битIунищ чIун вугев имам какда ялъуни мекъийищ абурал

суалал гьоркьор лъезе, цоцазулгун дагIба базе.

Цинги армиялъ, власталъ, антитеррористияб комиссиялъ бичIчIизабизе ккола нилъеда кин-щиб гьабизе ккколебали. Щай чияца нилъеда бичIчIизабизе ккколеб, нилъедаго щай бичIчIулареб?

СияхIалда ГIанди росулъа 53 чи вуго. Мисалалъе, дие рекIее гIолеб гьечIо гьеб жо.

БитIун яги мекъи учеталда лъеялъул суал гуро дица рехсолеб.

ГIандал руго Хасавюртална, Аксаялда, Шамхалалда, МахIачхъалаялда ва цогидалги бакIазда гIумру гьабулел. Гьединлъидал мекъи букIина киналго гьел чагIи гьанир росулъ ругин аби. Гьанив жакъа эхетун вуго 20 чи.

Нахъеги такрар гьабила, разилъи гьечIолъи загьир гьабулеб мех гуро, амма къваригIун буго, цо гIаммаб гъуни гьабичIого, щивав чиясул батIа-батIаго хал гьабизе- кида сияхIалде восарав, сундуе гIоло, нахъе вахъизе рес бугищ, гьечIищ абун.

Щугоанлъго чиясул цIар сияхIалда гьоркьоса бахъизе бокьун ходатайство кьун букIана районалъулги росдалги администрацияз. Лъабго чиясул бахъизе разилъи щвараб гIадаб хабар буго ихтиярал цIунулел ораназдаса. Хадубккунги гьабизе буго гьелда сверухъ бажарараб хIалтIи. Жалго гIолохъабазулги букIине ккела чIаголъиги хIаракатчилъиги, Жидеда гIайибги батичIони, нечезехIинкъизе бакIги гьечIони, рачIаха цере жамагIаталдеги органаздеги. РукIунге лъутанхъдулел, рахчарулел.

Къокъго абуни, нижер ГIанди росдал жамагIаталъулги администрациялъулги буго кьури гьечIеб, къвакIараб позиция- нижее къваригIун буго рекъел.

ИЛЬЯС БАЯЗОВ, ГIАНДИ №1 гьоркьохъеб школалъул директор

Лъалеб бук1ахъего, школалда лъималаз бала, бищун цIикIкIун бугони, 5-6 сагIат.

Гьеб заманалда гьоркьоб нижецаги бажарараб, к1вараб хIалтIи гьабула лъималазе щулияб лъайги лъикIаб тарбияги кьезе, гьезулъ гIагараб ракьалде, эбелаб ВатIаналде, умумузул лъикIал гIадатазде рокьи бижинабизе, цIолдохъабазул чорхолъ нравственниялгун

ишалъулъ. ГIемераб жо бицинеги нужергун дандбазеги бокьун букIана жакъа, амма заман гьечIолъиялъ къокъго тезе ккколеб буго.

Антитеррористияб темаялда хурхарал гIемерал пайдаял лекциял, бахIсал, гарачIвариял тIоритIула нижер школалда, бицуна экстремизгун терроризм бахунеб квешаб унти букIиналъул, гьелъ квешал хIасилазде рачиналъул ва гь.ц.

Т1оритIула батIибатIиял дандчIваял, конференцияби.

Цо ргIудалъун абуни, нижер коллективалъ гIун бачIунеб гIелалъе рухIияб, ватIанбокьиялъулаб тарбия кьезе хIаракат бахъулеб буго щибаб къойил.

ГIУМАР ГIАЗАЕВ, Болъихъ росдал имам

Аллагьас нилъее кьун бугеб ва ахираталда, Аллагьасул ЦIобалдалъун нилъ доре цIараб мехалъги, нилъеда цадахъ букIине бугеб исламалъул тахIияталдалъун (саламалдалъун) гIагараб бокьулеб нилъерго гIандадерил жамагIат кIодо гьабулеб буго жакъа дица.

ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналда абулеб буго жинца гIадамалги жундулги рижичIила жиндие лагълъи, гIибадат гьабизе гурони.

ЦIакъ лъикIаб жо буго чиясе ислам бокьи, Аллагьги Аварагги (с.т.гI.в) вокьи.

Аллагь, авараг (с.т.гI.в) вокьичIони, гьев чиясе ахираталда хвасарлъиги букIунаро.

Амма исламалъе гIоло жо нилъеца гьабизе ккола исламалда жаниб бугеб гIадин.

Я Аллагьасги гьабейин абичIеб, я аварагасги (с.т.гI.в) малълъичIеб, ялъуни чIахIи-чIахIиял имамзабазги, цIаларал чагIазги малълъичIеб жоялдалъун нилъеца ислам цебетIезабулищ, тIадегIан гьабулищ? Гьабуларо!

Эбелалъул ургьисан инсан къватIиве вачIаралдаса нахъе гьадаб ракьулъ жив лъезегIан кин хьвада-чIвадизе, кин вукIине кколевали нилъеда малълъун гьечIищ исламалъ, Къуръаналъ?!

Ислам цебетIезабизе, ислам гIадамазда бичIчIинабизе, малълъизе гьелъиеги бихьизабураб нух буго.

Исламалъе бищунго цIикIкIун хIалтIарав, бищунго кIвар кьурав чиги вук1ана МухIаммад авараг (с.т.гI.в)

Аварагасул (с.т.гI.в) гIумруги лъазабичIого, гIилмуги цIаличIого, Къуръанги лъазабичIого, имамзабазул, ункъабго мазгьабалъул имамзабазул тIахьаздеги балагьичIого, исламалъе кинаб х1алт1и, щиб хIалтIи гьабулеб чияс?

Цо добаса-гьаниса цIалараб, рагIараб, лъицаялиго кисаялиго босарабин абулеб жоялда мугъч1вайги гьабун, гьев гIолохъанчияс исламалъе щибниги хIалтIи гьабизе гьечIо.

Гьабунигицин, гIуцIулелдаса дос цIикIкIун биххизабизе буго.

Аварагас (с.т.гI.в) чIаго вугеб механалъго асхIабзабазда абун букIана цо гIадамал рачIине ругила, гьел нужеда рихьараб, гьез гьабула бугеб гIибадат, гьабула бугеб дин, кколел ругел кIалал, ралел ругел какал, ц1алулеб бугеб Къуръан бихьараб мехалъ нужецаго гьабула бугеб жо нужеда жолъунго бихьизе гьечIила. ГъедигIан тIадчIун, гьедигIан ихласалда жо абулел гIадамал рачIине ругила ва гьел рук1ине ругила зобалазда гъоркь бищун квешал гIадамал.

Щалха гьел аварагас (с.т.г1.в) бищунго квешал г1адамалин, хIатта жужах1алъул гьабийин абурал чаг1и?

Гьел ккола хавариджал. Гьез рикьалабиги гьаруна доб заманалда.

ХIисаб гьабураб механалъ, долго хавариджазул махI-кIач буго гьанже цо-цо гIадамаздаги. Хавариджалинги абиларо, амма махI-кIач буго.

Дица гьаб сундуе гIоло бицунеб бугеб?

ТIоцебесеб иргаялда, цIализе ккола гIилму букIине кколеб куцалда.

Цинги кIалъазе бегьула гIилму щулалъараб мехалда.

Дунялалдаго цIар ргIарал цIаларал чагIи рахъараб бакI буго Дагъистан: Къудукьа Мусалав гIадинал, МохIаса Дамадан гIадинал, ГIободоса ШагIбанкъади гIадинал.

ГIемераб рикьи ккараб буго 13 гIасруялдаса.

Цо гIаркьел баккана вагьабиялин жидеда абулеб.

Байбихьудасан, жанир ккезегIан, ай тIуранго хадур гъезегIан гIолилазда ккола гьеб лъикIаб жойин. Жанир раккараб-го бичIчIула квешаб жо букIин.ТIасан берцинаб, жаниса тураб.

ГIолохъаби, дие цIакъ рокьула нуж, амма нужго хадур лъугьинчIони, нужелъго хиса-баси гьабичIони, нуж учеталдаса рахъизе гьечIо.

ЖАВПАР ГIАБИДУЛАЕВ, пенсионер

ГIандир гьадал лъугьа-бахъинал ккараб мехалъ, дихъе гIемерал чагIи рачIана, мун кIудияв чиги вугила, гьаб зулмуялъул бицун, гьаб чIезабейин гьарун доре - гьанире ине, Путинихъе хъвазе кколилан.

Путинихъе хъвазеги нилъер хIал кIоларин, нилъ ине ругин районалъул бетIер Патхулаевасухъейилан абуна дица.

Гьеб пикругун щвана нижерго цIи вищарав росдал бетIер ХIажихъе.

Дун гIадинав жагьилав чи гурелъулха гьев, жинца гIадамазулгун дандги бан, цо гIадлу гьабизе бугилан абуна гьес.

Жакъа гьал киналго ГIандире рачIунги цIакъ лъикI буго, гьаздаги бицина нилъеца нилъерго унти.

Росулъеги рачIун, жидерго пикру загьир гьабулел чагIи рухун, щибго мунагь гьечIел ракълилал г1адамазул рукъзал риххизарун, гьениб жанисан къайи тIагIинабун, гIуралго пасалъаби гьаруна гьел чагIаз нижер халкъалъе.

Гьединлъидал халкъалъ разилъи гьечIолъиги загьир гьабулеб буго.

Гьазие лъазе бокьун буго кинаб законалда мугъчIван гьединал жал гьаруралали, гьединаб закон киб бугебали ва гь.ц.

Щибниги жидер мунагь гьечIев 4 чи вуго жанив лъун, боеприпасал ратаниланги абун.

ТIадежоялъе цоясе, гьанивго вухун, гьабизе жо нахъе тун гьечIо.

Жанирги, мукIурлъани нужеего лъикIаб букIинин адвокатасги абун, гьечIеб жо бицинабун буго гьезда.

Закон, гIадлу хвезабулев чи тамихIалдеги цIан, хутIарал гIадамал жалго тезе бокьилаан нижер жамагIаталъе.

Зулмуяль зулмуялде рачуна.

НАЖИВЛА ГIАЛИМХАНОВ пенсионер

Гьадал рагъулал чагIи росулъе рачIиндал кIудияб къварилъи ккана росдае, гIайибго гьечIел чагIаздаги гьабуна зулму. ЧIухь базейилан гьурачункун жанив чиго гьечIеб рахараб мина рагьана. Щиб балагьулеб гьаз рахараб минаялда жаниб?

Ратани росулъ общественнияб гIадлуги гIадамазулгун власталъул рахIат хвезабулел, гъалмагъир бекьулел чагIи, рачун гIадлу гьабеха, лъилго кIалъайги дагIбаги букIинаро. Нижееги бокьила, киса-кибго лъикIаб рахъалдаса цIар бугеб, шагьар гIадаб ГIанди росулъ гIадлуги, рекъелги, низамги букIине.



Амма мунагь гьечIел ракълилал гIадамал къварид гьаризе, инжит гьаризе, руха-кьабизе нижее бокьиларо. Гьаниб нижее зулму къваригIун гьечIо. Мисалалъе доб къояль ниж херал чагIиги, руччабиги, лъималги хIинкъун балагIаммаб буго. ХIинкъун, нечон, вахчун чIун жо кколаро.

Жакъа гIалимзаби

хIинкъун руго вагьабизмалде данде суал льезе, гьезда тIад хIалтIи гьабизе.

гьун чIун рукIана щивдай чIвалин, щивдай лъукъилин. Щай халкъалъе гьединал жал рихьун? Дун кIудияв чи вуго, жакъа хваниги ургъел гьечIо, хвалдаса хIикъунги гуро, амма дир руго лъимал, хъизан, гьезул ва росуцоязул рахIат хвезабулеб жо дие бокьиларо.

АХIМАДНАБИ ЗАЙПУЛАЕВ, пенсионер

Критика, самокритикайилан букIуна гIурусазул. Гьелъухъего, гьаниб цоцада рихине щибниги жо гьеч!о. Киназего пайдаяб гIамаб суал буго.

ГIаммаб суалалда тIасан чияс жиндирго пикру загьир гьаби мекъи бихьизе бегьуларо лъиданиги.

Исламалда нилъеца тIаде жубазеги тIаса бахъизеги щибго жо гьечIо- гьединаб тIокIкIараб, мухIканаб камилаб жо буго гьеб.

Кьуръанги, Аллагьас рещтIинабураб, бусурбаба киназго адаб гьабулеб Аллагьасул калам буго, хиси гьечIеб, кьури гьечIеб.

ГIадатиял гIадамазул бетIер сверизабулеб буго рикьалабаз.

Баккун бачIана вагьабизма абураб цо жо. Кисан бачIараб жо гьеб, щив вугев гьезда гьоркьов гIенеккизе бегьулев чи?

ГIалимзаби хIинкъулел руго дандбитIун вагьабизмайилан абизе, гьединлъидал дун гIалимчи гIадинан цеве вахъине кколев вуго жакъа гьанив.

Терроризмайила, вагьабизмайилан рукIуна гаргадулел. Дир пикруялда, цого жо буго вагьабизмаги терроризмаги. Гьединлъидал рачIа, киналго цадахъ лъугьун, гьеб жо дагьаб гIодобе бачине.

ГIалимзабиги рази гьечIо вагьабизмалда, жагьилзабиги рази гьечIо, аслияб къагIидаялда халкъги рази гьечIо. Кисаха гьеб баккараб, сунда ва лъида мугъчIванха гьел ругел?

Картошка кваналеб цо жо букIуна жукинги абун, гьелдаса картошка цIунизелъун нилъеца гIемераб хIалтIиги къеркьейги гьабула. Вагьабизмаги буго гьебго жо, гьединлъидал гьеб заралияб жо нилъецаги чIинтIизабизе ккола.

